



## AK RESPONSABLITE APLIKAN/BENEFISYÈ POU SNAP

*Ou kapab itilize aplikasyon sa a SÈLMAN pou aplike pou SNAP*

Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou bezwen yon aplikasyon oswa enstriksyon sa yo nan yon lòt fòma, ou ka mande yo nan distri sèvis sosyal ou (SSD). Lòt fòma ki annaprè yo disponib:

- Gwo karaktè;
- Fòma Done (yon ekran lektè elektwonik ki aksesib pou fichye);
- Fòma Odyo (yon transkripsyon odyo sou entriksyon oswa kesyon aplikasyon); ak
- Bray, si ou afime ke okenn nan lòt fòma yo pap fin toutafè efikas pou ou.

Aplikasyon ansanm avèk enstriksyon yo egalman disponib pou telechaje nan fòma gwo karaktè, fòma done ak fòma odyo nan [www.otda.ny.gov](http://www.otda.ny.gov). Tanpri remake ke aplikasyon yo disponib nan fòma odyo ak Bray sèlman nan bi pou bay enfòmasyon. Nan fason pou aplike, ou dwe soumèt yon aplikasyon alekri, fòma non-altènatif.

Si ou gen nenpòt andikap ki anpeche w ranpli aplikasyon sa ak/oswa pou rete tann entèvyou, tanpri notifye SSD ou. SSD pral fè tout efò pou l bay yon akomodasyon rezonab pou reponn a bezwen ou.

Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, oswa bezwen lòt èd pou ranpli aplikasyon sa, tanpri kontakte SSD ou. Nou angaje pou ede ak sipòte w nan yon fason pwofesyonèl ak respektye.



# FASON POU RANPLI APLIKASYON/ RE-SÈTIFIKASYON PWOGGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP) EPI DWA AK RESPONSABLITE APLIKAN/BENEFISYÈ POU SNAP

*Ou kapab itilize aplikasyon sa a SÈLMAN pou aplike pou SNAP*



Si w ap aplike sèlman pou SNAP, ou kapab itilize aplikasyon pi kout sa a. Si ou ta renmen aplike pou lòt avantaj tankou Asistans pou yon ti Tan, Asistans pou Gadri, Asistans pou Enèji nan Kay oswa Medicaid, tanpri mande yon aplikasyon ki diferan.

## Lè W ap Aplike pou SNAP

- Ou kapab ranpli yon aplikasyon menm jou ou resevwa li. Nou dwe aksepte aplikasyon w lan si pou pi piti, li gen non w, adrès ou (si ou gen youn), ak yon siyati. Enfòmasyon sa yo ap detèmine dat anrejistreman aplikasyon w lan.
- Ou dwe ranpli pwosesis aplikasyon an, enkli pou gen yon entèvyou epi siyen deklarasyon sètifikasyon ki nan paj 8 aplikasyon/re-sètifikasyon pou nou ka detèmine elijiblite w. Si w kalifye, n ap ba w avantaj yo apati dat ke ou te depoze aplikasyon w lan.
- Ou kapab aplike pou jwenn SNAP pou moun nan kay la (yo) ki kalifye, menmsi oumenm oswa lòt moun lakay ou pa kalifye pou avantaj yo akòz sitiyasyon imigrasyon yo. Pa egzanp, paran etranje ki pa kalifye kapab aplike pou SNAP pou pitit yo, epi yo kapab resevwa avantaj yo pou timoun yo ki kalifye.
- Ou kapab toujou aplike ak kalifye pou SNAP menmsi ou rive nan limit tan Asistans Pwovizwa ou.

## Èske Ou Bezwèn Avantaj SNAP Touswit? Ou Ka Kalifye pou Nou Travay rapid sou Aplikasyon SNAP ou.

Si kay ou gen yon ti revni oswa likidite **oswa** si li pa genyen ditou, oswa si depans pou lwaye oswa pou sèvis publik ou pi plis pase revni ou ak likidite ou yo, **oswa** ou si se yon migran oswa yon travayè agrikòl sezonye ki gen yon ti revni oswa ki pa gen revni ditou oswa ki gen resous lè ou aplike a, ou ka kalifye pouresevwa SNAP nan 5 jou almannak ki vini apre dat ou aplike a. Lè yon rezidan yon enstitisyon ap aplike ansanm pou SSI ak SNAP anvan li kite enstitisyon an, dat depo ki anrejistre a se dat moun ki aplike a kite enstitisyon an.

## Kote Ou Kapab Aplike Pou SNAP

Si w ap viv deyò Vil New York, ou kapab aplike sou entènèt nan sitwèb myBenefits.ny.gov, oswa ou kapab rele oswa ale nan distri sèvis sosyal ki nan konte kote w ap viv la pou mande yon pake aplikasyon, sa ki kapab poste oswa depoze nan biwo apwopriye a. Ou kapab jwenn adrès ak nimewo telefondistri sèvis sosyal nan konte w la depi ou rele gratis nan nimewo **1-800-342-3009**.

Si w ap viv nan **Vil New York** epi ou **pa** aplike pou Asistans Pwovizwa, ou kapab aplike sou entènèt nan sitwèb myBenefits.ny.gov, oswa rele oswa ale nan Biwo SNAP pou mande yon pake aplikasyon. Ou kapab jwenn adrès ak nimewo telefòn nan depi ou rele **1-718-557-1399** oswa depi ou rele gratis nan nimewo **1-800-342-3009**.

## Èske Ou Gen Pwoblèm Pou Vini Kote Nou Pou Yon Randevou Entèvyou?

Si li difisil pou ou vini pou yon randevou entèvyou SNAP (rezon yo ka gen ladan pwoblèm travay, pwoblèm sante, pwoblèm transpò oswa pwoblèm gadri), nan sèten sikonsans; nou ka fè entèvyou w pa telefòn, oswa ou ka fè yon lòt moun aplike pou ou. Tanpri kontakte distri sèvis sosyal ou si ou gen nenpòt kesyon, pou wè si ou kalifye pou yon entèvyou nan telefòn, **oswa si ou bezwen** pou repwograme yon entèvyou.

## EKSPLIKASYON SOU FASON POU RANPLI APLIKASYON/RE-SÈTIKASYON SNAP

Asire ke ou ranpli chak seksyon lè ou ekri anlèt detache aklè avèk yon plim ble oswa nwa.

**PA** ekri an lèt detache nan zòn ki onbre yo.

Si w ap aplike kòm reprezantan yon moun, tanpri ekri enfòmasyon yo sou moun nan an lèt detache, ap sou tèt ou.

**FÓMA ALTÈNATIF:** Tcheke "WI" oswa "NON" pou endike ke ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou ta renmen resevwa avi alekri yo nan yon lòt fòma. Si se "Wi," tcheke kalite fòma ou ta renmen. Lòt fòma yo disponib nan gwo karaktè, done CD, odyo CD, oswa Bray, si ou afime ke okenn nan lòt fòma yo pap fin toutafè efikas pou ou. Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, oswa ou bezwen lòt èd pou ranpli aplikasyon sa, tanpri kontakte SSD ou.

### SEKSYON 1: ENFÒMASYON APLIKAN

**NON:** EKRI non legal ou, ansanm avèk prenon ou, dezyèm prenon ou, ak non fanmi ou an lèt detache.

**NIMEWO TELEFÒN:** EKRI nimewo telefòn kay ou an lèt detache.

**LÒT TELEFÒN:** EKRI yon lòt nimewo telefòn kote nou kapab kontakte ou, si ou gen youn.

**ADRÈS REZIDANS:** EKRI nimewo kay la, avni, wout, an lèt detache, kote w ap viv kounye a. EKRI vil kote w ap viv la an lèt detache. EKRI kòd postal ou an lèt detache.

**ADRÈS POSTAL:** EKRI adrès postal ou an lèt detache si li diferan avèk kay ou.

**LÒT NON:** EKRI non jèn fi, non nan yon maryaj anvan, oswa lòt non nenpòt moun ki nan lis la genyen oswa itilize kounye a.

Tcheke (✓) si w ap aplike oswa re-sètifye pou SNAP.

Tcheke (✓) si ou vle resevwa avi yo nan lang Panyòl ak Angle oswa nan lang Angle sèlman.

**SEKSYON 2:** Siyen non ou epi mete dat la, EPI bay adrès ou (si ou gen youn) **SELMAN** ou vle soumèt aplikasyon ou san ou pa ranpli pwochen paj la pou kounye a pou etabli dat ou te ranpli aplikasyon w lan. Ou dwe ranpli pwosesis aplikasyon an, enkli entèvyou aepi siyen nan paj 8 pou nou detèmine si ou kalifye.

### SEKSYON 3: ENFÒMASYON SOU MOUN NAN KAY LA:

#### BAY LIS NON TOUT MOUN K AP VIV AVÈK OU, MENMSI YO PA APLIKE AVÈK OU.

EKRI prenon ak non ou. Answwit EKRI non lòt moun k ap viv avèk ou an lèt detache:

EKRI Nimewo Sekirite Sosyal (si moun nan pa gen yon SSN, antre "okenn"), dat nesans, eta sivil ak si se fanm oswa gason pou chak moun ki aplike.

Tcheke (✓) Wi oswa Non pou fè nou konnen kimoun ki aplike.

Pou chak moun ki nan kay la, EKRI kisa yo ye pou ou an lèt detache (pa egzanp: madanm, pitit gason, zanmi, elatriye).

Tcheke (✓) Wi oswa Non si moun nan achte ak/oswa prepare manje avèk ou.

Tcheke (✓) Wi oswa Non pou endike si moun ki aplike a se Ispanik oswa Latino-Ameriken.

Antre Y (Wi) oswa N (Non) pou chak ras \*.

Kòd Ras /Etnisite: **I** – Ameriken Natifnatal oswa Moun ki Fèt nan Alaska, **A** - Azyatik, **B** – Moun Nwa oswa Ameriken Nwa, **P** – Moun ki Fèt nan Hawaii oswa nan Zile Pasifik, **W** – Moun Blan Pwovizyon enfòmasyon sa volontè. Sa pap afekte kalifikasyon moun yo kap fè demann nan oswa nivo avantaj y ap resevwa. Rezon enfòmasyon sa yo se pou asire avantaj pwogram lan distribye san gade sou ras, koulè oswa peyi orijin.

**SEKSYON 4:** Reponn tout kesyon ki nan seksyon 4 la. Asire ke ou bay non moun yo ki pa sitwayen Ameriken.

**SEKSYON 5: REVNI:** Bay lis tout revni ak revni nenpòt moun k ap viv lakay ou. EKRI non moun k ap resevwa revni an, sous revni an, ak fason li resevwa revni an lèt detache. Revni a ka gen ladan: Revni an kapab gen ladan: Djòb regilye (salè), revni anvan grèv, fòmasyon nan djòb la, rezèv militè, lagad nasyonal, etid pou travay, panson alimantè, sipò timoun, asistans pou edikasyon (sibvansyon, bousdetid, elatriye), zanmi oswa manm fanmi (ki pa lajan ou prete) asistans pwovizwa, panson oswa retrèt, Revni Sekirite Siplemantè (SSI), avantaj Sekirite Sosyal, avantaj veteran, avantaj chomaj, konpansasyon travayè, gadri, chofè taksi, netwayaj kay oswa lòt biling, travay nan agrikilti/ranch, revni yon lokatè chanm peye ou, revni yon pansonè peye ou, oswa boza ak travay atizanal.

**REMAKE:** Peman Swen nan Mezon Plasman ak SNAP – Ou ka chwazi pou mete gadri oswa adilt nan kay k ap resevwa SNAP. Si ou fè sa, nenpòt peman ki asosye pou mezon plasman ap konte kom revni. Tout lòt revni oswa resous timoun ki nan mezon plasman timoun ap konte tou. Si ou gen nenpòt kesyon sou sa, asire ou mande travayè sosyal ou.

Asire ou reponn tout kesyon ki nan seksyon 5 lan.

**SEKSYON 6: RESOUS:** Resous yo pa afekte kalifikasyon pifò moun nan kay la ki aplike pou SNAP. Men, nou itilize kèk enfòmasyon sou resous la pou detèmine si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon ou.

Reponn tout kesyon ki nan Seksyon 6 la pou tèt ou ak pou tout moun ki aplike pou SNAP. Bay lis kantite lajan (\$) oswa valè ak non moun ki gen resous la. **Asire ou bay lis nenpòt sa ou genyen an komen avèk moun ki pa nan kay la.** Resous yo ka gen ladan nenpòt nan sa ki anba la a: lajan kach nan men, lajan kach lòt moun genyen, kont kouran oswa kont epay, bon kès, kont retrèt endividyle, plan panson, kont devlopman endividyle, aksyon/obligasyon, fon komen plasman, fon kredi, sètfika mache monetè, biling, teren, pwopriyete lokasyon, pwopriyete vakans oswa lwazi, oswa kay ki diferan avèk lakay ou.

## **SEKSYON 7: ARANJMAN POU VIV AK DEPANS:**

EKRI kantite lajan ou peye pou lwave, prè ipotekè, chanm ak repa oswa lòt lojman an lèt detache. Bay kantite lajan (\$) ou peye pou taks kay ak asirans kay.

Si ou peye pou chofaj la apa, tcheke (✓) ki kalite chofaj ou genyen., epi ekri non konpayi chofaj ak nimewo kont ou.

Epitou, endike si:

- ou peye pou lòt sèvis publik apa nan lwave/prè ipotekè ou, si ou gen depans pou è-kondisyone, epitou si ou genyen, kimoun ki fè depans lan apa?
- nenpòt moun ki peyesipò timoun dapre lòd tribinal epi si se sa, kimoun, ki kantite lajan peman ak konbyen fwa peman an fèt, ak non timoun (yo) ke yo peye sipò pou li a?
- nenpòt moun nan kaykap aplikeki avèg, andikape, oswa ki gen omwen 60 ane ki gen nenpòt bòdwo medikal tankou sèvis enfimri nan kay, fo-dan, pwotèz oditif, linèt, chen pou gide avèg oswa chen sèvis, peman asirans sante ak peman medikal, swen nan lopital oswa swen enfimyè, sèvis medikal oswa sèvis dantè, medikaman sou preskripsyon oswa transpò medikal?
- nenpòt moun lakay ou ki sou Medicaid, avèk yon depans limit epi si se sa, kimoun ak konbyen lajan?
- nenpòt moun lakay ou ki nan lekòl oswa nan yon pwogram fòmasyon epi si se sa, kimoun ak ki koteak kondisyon enskripsyon?

Asire ou reponn tout kesyon ki nan seksyon 7 la.

**SEKSYON 8: DEKLARASYON LEGAL, RESPONSABLITE AK PENALITE:** Li seksyon sa a avèk anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou.

**REMAKE:** Lwa Eta NY bay penalite oswa prizon, oswa toulède, pou yon moun ke yo jwenn koupab ki jwenn SNAP nan kache fè yo oswa pou pa di laverite.

Mwen konprann Eta a pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal mwen pou konfime resi HEAP ak founisè enèji lakay mwen. Otorizasyon sa gen ladan tou pèmision pou nenpòt founisè enèji lakay mwen (sa ki gen ladan sèvis publik mwen) ou mete deyò sèten enfòmasyon statistik, tankou men pa sa sèlman, konsomasyon kabiran mwen chak ane itilizasyon elektrisite, pri elektrisite, tip kabiran, depans kabiran mwen chak ane, ak lajan mwen peye Office of Temporary and Disability Assistance ak Distri Sèvis Lokal la ak Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini pou evalyasyon pèfòmans Pwogram Asistans Enèji pou Kay (LIHEAP).

**AVI NON-DISKRIMINASYON** – Annakò avèk lwa sou dwa sivil Federal ak Depatman Agrikilti Etazini (USDA) règleman ak regilasyon dwa sivil, USDA, Ajans, biwo, anplwaye, ak enstisyon li yo kap patisipe nan oswa jere pwogram USDA yo entèdi pou fe diskriminasyon baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, kwayans relije, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil preyalab nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fet oswa USDA finanse.

Moun yo ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou enfòmasyon pwogram (egzanp, Bray, gwo enpresyon, kasèt odyo, American Sign Language, elatriye.), ta dwe kontakte Ajans la (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj. Moun ki soud oswa ki mal pou tandem oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339. Anplis, enfòmasyon pwogram lan ka disponib nan lòt lang yo ot ke Angle.

Pou depoze yon plent diskriminasyon pou pwogram nan, ranpli fòm Plent diskriminasyon pwogram USDA, (AD-3027) ke ou jwenn sou entènèt nan [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt adrese a USDA epi bay enfòmasyon nan lèt la sou tout enfòmasyon yo mande sou fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele 1-(866) 632-9992. Soumèt fòm ki ranpli a oswa lèt ou a nan USDA pa:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (202) 690-7442; oswa
- (3) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov).

Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.

**SEKSYON 9: REPREZANTAN OTORIZE SNAP:** Si ou vle yon moun ki pap viv lakay ou aplike pou avantaj SNAP oswajwenn avantaj SNAP oswa pou achte manje pou ou, EKRI non moun nan, adrès ak nimewo telefòn li, sof si reprezantan otorize a te otreman chwazi pa kay la alekri.

**SEKSYON 10: SIYATI:** Siyen non ou. Si ou se yon Reprezantan Otorize, toulède oumenm ak yon adilt responsab manmnan kay la dwe siyen ak date seksyon siyati ki ki nan paj 8 nan Aplikasyon/Re-Sètifikasyon an.

Lè yon Reprezantan Otorize ap aplike sou non yon Kay ki gen SNAP ki pa abite nan yon enstitisyon, toulède Reprezantan Otorize a ak Chèf Kay la oswa lòt manm adilt responsab ki nan kay la dwe siyen ak date seksyon siyati ki nan Paj8 nan Aplikasyon/Re-Sètifikasyon an.

**SEKSYON 11: LÒT ENFÒMASYON:** Itilize seksyon sa a pou fè nou konnen lòt enfòmasyon ou panse nou ka bezwen konnen.

**SEKSYON 12: KONSANTMAN POU ANILE:** Si ou deside ou pa vle aplike pou SNAP ankò, siyen non ou epi antre dat la. Ou ka re-aplike nenpòt lè.

**Remake:** Dènye pati aplikasyon sa a se yon aplikasyon pou enskri pou vote. Si ou ta renmen ede ranpli fòm aplikasyon enskripsyon elektè, mande travayè sosyal ou. Si ou aplike oswa si ou pa vle enskri pou vote, sa p ap afekte kalifikasyon ou oswa kantite lajan asistans ou pral resevwa nan ajans sa a.

N ap antre ak konsève enfòmasyon ki nan aplikasyon ou ak entèvyou nan Sistèm Jesyon Asistans Sosyal (WMS), yon sistèm enfòmatik ki tout kote nan eta a. Nou itilize sistèm sa a pou amelyore jesyon Pwogram Sèvis Sosyal yo epi pou anpeche moun fè fwod.

**LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A**  
**DWA AK RESPONSABLITE APLIKAN/BENEFISYÈ POU SNAP**

Lòt enfòmasyon konsènan dwa ak responsablite ou endike nan Liv Enfòmasyon pou Kliyan (LDSS-4148A; LDSS-4148B ak LDSS-4148C). Ou kapab jwenn liv sa yo nan sèvis distri sosyal zòn ou, ak sou entènèt.

**OU GEN DWA:**

- Nou fèt pou pwograme entèvyou a san pèdi tan pou nou kapab detèmine si ou kalifye epi pou ba ou avantaj yo nan 30 jou ki vini apre lè ou ranpli aplikasyon an.
- Ou ka mande pou yo anile obligasyon pou fè entèvyou a lè ou nan sitiyasyon difisil. Move sitiyasyon vle di, men pa sèlman, maladi, pwoblèm transpò, swen sante yon moun nan kay, difikilte paske ou rete nan yon zòn riral, move tan ki dire lontan, epi orè travay oswa fòmasyon ki anpeche ou vini pandan orè biwo distri sèvis sosyal la. **Yap anile entèvyou nan biwo anile, sou demann ou, si tout adilt lakay ou se granmoun aje oswa moun andikape ki pa gen yon revni pwofesyonèl.** Ajans lan ka anile entèvyou nan biwo a pou fè yon entèvyou nan telefòn oswa pou pwograme yon vizit lakay ou. Nou ka pwograme entèvyou fas-a-fas davans nan nenpòt kote oumenm ak biwo dakò tankou yon kay kote w ap viv.
- Ou ka vini avèk yon moun nan entèvyou ou pou li entèprete pou ou. Si ou bezwen yon entèprèt, ajans lan ap fè aranjman pou ba ou youn gratis. Ou pa kapab jwenn refi pou sèvis yo paske ou pa maton nan lang Angle oswa paske ou gen pwoblèm pou tande oswa pou pale. Distri Sèvis Sosyal yo ka itilize sistèm relè TTY/TTD pou jwenn sèvis pou moun ki aplike/benefisyè ki gen pwoblèm pou Tande oswa ki bèbè. Si ou gen nenpòt bezwen espesyal, ou kapab mande pou adaptasyon espesyal nan distri sèvis sosyal ou yo.
- Si ou gen yon andikap, ou gen menm dwa pou jwenn SNAP ak pou fè entèvyou tankou yon moun ki pa gen yon andikap.
- Nou dwe di ou, nan 30 jou ki vini apre dat ou te ranpli aplikasyon ak fè entèvyou pou SNAP, si nou apwouve aplikasyon ou oswa si nou bay refi pou li. Si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon ou, nou dwe di ou sa nan 5 jou ki vini apre dat ou remèt (ranpli) aplikasyon ou, si ou kalifye pou SNAPak/oswa enfòme w si nou bezwen dokiman anplis.
- Ou dwe jwenn yon repons alekri kap di w si yo apwouve oswa refize aplikasyon w lan pou SNAP:
  - Si nou apwouve Aplikasyon ou, avi sa a ap fè ou konnen kantite lajan w ap resevwa nan avantaj SNAP;
  - Si nou bay refi pou Aplikasyon ou, avi sa a ap fè ou konnen pou kisa ak sa ou ta dwe fè si ou pa dakò oswa si ou pa konprann desizyon sa a.

**KISA YON ODYANS SAN PATIPRI VLE DI**

Yon Odyans san Patipri se chans ou jwenn pou di yon Jij Lwa Administratif ki nan Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape pou kisa ou panse desizyon yo pran sou dosye ou pa kòrèk. Apre Odyans san Patipri a, Eta a ap pran yon desizyon alekri k ap endike si desizyon distri sèvis sosyal la te kòrèk oswa pa t kòrèk. Desizyon ki alekri a ka egzije distri sèvis sosyal pou korije dosye ou.

**LIMIT TAN POU MANDE POU YON ODYANS SAN PATIPRI**

Si ou vle mande pou gen yon Odyans san Patipri pou SNAP, **rele touswit** paske gen limit tan pou fè sa. Si rete tann twò lontan, ou ka pa anmezi pou jwenn yon Odyans san Patipri. **Si ou resevwa yon avi konsènan dosye ou** epi si ou vle mande pou gen yon Odyans san Patipri, avi a ap fè ou konnen ki kantite tan ou genyen pou mande pou gen yon Odyans san Patipri. Asire w ou li tout sa ki nan avi an avèk anpil atansyon. Si avi a fè ou konnen gen refi pou avantaj SNAP ou, yo sispann li oswa yo diminye ladan, ou ka mande pou gen yon Odyans san Patipri nan 90 jou ki vini apre dat ki nan avi a. Ou ka mande pou gen yon Odyans san Patipri si ou panse ou pa resevwa ase avantaj SNAP nenpòt kilè nan peryòd sètifikasyon an.

## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

### FASON POU MANDE POU GEN YON ODYANS SAN PATIPRI

Si w ap viv nenpòt kote nan Eta New York, ou ka mande pou gen yon Odyans san Patipri nan telefòn, nan faks, sou entènèt, oswa depi ou voye yon lèt nan adrès ki anba la a.

**Telefòn:** Nimewo Telefòn gratis nan eta a pou fè demann lan se 800-342-3334. Tanpri gen avi a nan men ou, si ou gen youn, lè w ap rele.

**Faks:** Demann Odyans san Patipri ou nan: 518-473-6735

**Entènèt:** Ranpli fòm demann lan sou entènèt nan sitwèb <http://www.otda.state.ny.us.us/oah/forms.asp>

**Alekri:** Si ou te resevwa yon avi, ranpli espas yo ba ou a, epi voye yon kopi avi a, **oswa** voye yon lèt nan:

**Fair Hearing Section**

**NYS Office of Temporary and Disability Assistance**

**Fair Hearings**

**P.O. Box 1930**

**Albany, New York 12201-1930** *Tanpri konsève yon kopi nenpòt avi pou ou*

**Prezante san Randevou:** Si w ap viv nan **Vil New York** ou ka fè demann lan anpèsòn tou depi ou ale nan biwo Odyans Administratif, Office of Temporary & Disability Assistance, 14 Boerum Place, Brooklyn, New York

**IJANS** -Si sitiayson ou grav anpil, Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak pou Asistans pou Moun Andikape ap fikse yon dat pou yon Odyans san Patipri pou ou opli vit ke posib. Lè ou rele oswa ekri pou mande pou gen yon Odyans san Patipri, pa blyie eksplike jan sitiayson ou grav.

**REMAKE:** Pou odyans san patipri pou ijans nan Vil New York sèlman, rele 800-205-0110. Pa itilize nimewo telefòn sa a pou nenpòt bagay, eksepte pou ijans. Nou p ap pran demann ki pa konsène ijans nan nimewo sa a.

**ENTÈPRÈT** – Ou gen dwa pou gen yon entèprèt gratis, si lang Angle se pa lang matènèl ou, oswa si ou gen difikilte pou tande oswa pale.

**KONTINYASYON ÈD** - Si ou resevwa yon avi ki fè ou konnen y ap sispann oswa diminye avantaj ou yo, epi si ou mande pou gen yon Odyans san Patipri anvan **dat ki anvigè** sou avi ou, avantaj SNAP, nan pifò ka yo yap rete manm ("kontinyasyon èd la") jouk lè yo pran yon desizyon sou Odyans san Patipri a. Si ou pa resevwa yon avi sou dosye ou, epi yo sispann oswa diminye avantaj ou, nan menm tan ke ou mande pou yon Odyans san Patipri, ou mande pou yo restore avantaj SNAP ou ("kontinyasyon èd la") jouk lè yo pran yon desizyon sou Odyans san Patipri a.

Men toutfwa, si ou pa jwenn "kontinyasyon èd" la, epi si ou pèdi Odyans san Patipri a, w ap gen pou remèt nenpòt avantaj ou te resevwa sou fòm "kontinyasyon èd" pandan w ap tann desizyon Odyans san Patipri a. Si ou pa vle avantaj SNAP ou t ap resevwa a rete menm jouk lè yo pran yon desizyon sou Odyans san Patipri a, ou dwe fè Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape konnen sa lè ou rele oswa ekri pou mande pou gen yon Odyans san Patipri.

### FASON POU MANDE POU GEN YON ODYANS SAN PATIPRI

Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape ap voye yon avi ba ou, pou fè ou konnen kilè ak ki kote y ap òganize Odyans san Patipri a. Pou ede ou pare pou Odyans san Patipri a, ou gen dwa pou egzamine dosye ou, epi pou resevwa kopi fòm ak papye ke yo pral bay Jij Lwa Administratif nan Odyans san Patipri a. Ou kapab resevwa kopi gratis nenpòt lòt papye tou ki nan dosye ou, depi ou panse ou ka bezwen yo pou Odyans san Patipri a. Anjeneral, ou kapab resevwa papye sa yo anvan odyans lan, oswa nan odyans lan pou pita. Si ou mande nenpòt papye, epi distri sèvis sosyal la pa ba ou yo anvan oswa nan odyans lan, ou ta dwe fè Jij Lwa Administratif la konnen sa.

## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

Ou ta dwe vini nan Odyans san Patipri a avèk nenpòt temwen tou ki kapab ede ou, epitou ou ta dwe pote nenpòt enfòmasyon ou genyen tankou: **Souch peman, bòdwo, resi, kontra lwaye, deklarasyon doktè**, pou ede w eksplike poukisa ou panse desizyon sèvis sosyal la pa kòrèk.

Ou kapab vini avèk yon avoka, yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou nan Odyans san Patipri a pou ede ou eksplike pou kisa ou panse yon desizyon sou dosye ou pa kòrèk. Si ou panse ou bezwen yon avoka pou ede ou nan Odyans san Patipri a, ou ka anmezi pou jwenn yon avoka gratis depi ou rele Sosyete Èd Legal zòn ou oswa Biwo Sèvis Legal. Pou jwenn non lòt avoka yo, rele Asosyasyon Bawo a.

Yon moun nan distri sèvis sosyal la ap la tou nan Odyans san Patipri a pou eksplike desizyon yo pran sou dosye ou. Oumenm oswa reprezantan an ap kapab poze moun nan kesyon, epi w ap kapab fè konnen sa ou panse sou dosye a.

Si ou pa kapab ale nan Odyans san Patipri a, ou kapab voye yon lòt moun nan plas ou. Si w ap voye yon moun ki pa yon avoka nan Odyans san Patipri a, ou ta dwe bay moun sa a yon lèt pou remèt Jij Lwa Administratif la. Lèt la ta dwe di Jij la moun sa a vini nan plas ou nan Odyans san Patipri a. Si Jij Lwa Administratif la deside ke prezans ou obligatwa, e temwayaj ou nesesè, yo ka repwopgrame odyans lan pou yon lòt jou pou ka vini. Y ap voye avi a ba ou nan sèvis lapòs dat pou nouvo odyans la.

**REMAKE:** Si ou mande sa, w ap kapab jwenn ranbousman pou lajan ou te peye pou sèvis transpò piblik, pou gadri, ak pou lòt depans nesesè pou ale nan odyans lan. Si pa gen sèvis transpò piblik, ou ka anmezi pou jwenn ranbousman lajan ou te blije peye pou yon lòt kalite sèvis transpò. Si ou pa kapab utilize sèvis transpò piblik akòz yon pwoblèm medikal, ou ka anmezi pou jwenn ranbousman lajan ou te dwe peye pou yon lòt kalite sèvis transpò. Men, nou ka mande ou pou bay prèv medikal la.

### POU EGZAMINE DOSYE OU AK DOSYE NAN ÒDINATÈ:

Depi ou aplike pou SNAP oswa pou lòt èd, nou konsève dosye ak dosye ou ki nan òdinatè sou dosye ou. Anjeneral, ou gen dwa pou egzamine dosye sa yo. Men, ou ka **pa** anmezi pou egzamine tout dosye yo. Travayè sosyal ou kapab eksplike ou règ yo.

Lè ou ekri pou mande kopi dosye ou ki nan òdinatè, Lwa sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive Pèsonèl egzije pou ajans Eta New York yo voye dosye yo ba ou; **oswa** pou di ou pou kisa yo p ap ba ou dosye ou yo; **oswa** pou di ou yo gen demann, epi y ap pran yon desizyon si ou jwenn pèmisyon pou resevwa dosye yo nan senk (5) jou ouvrab ki vini apre lè ou yo resevwa lèt demann ou.

### KÒM YON APLIKAN / BENEFISYÈ SNAP, OU GEN PLIZYÈ RESPONSABLITE:

#### Obligasyon Travay pou Aplikan ak Benefisyè SNAP yo

Sof si ou egzante nan obligasyon anrejistrem travay, ou dwe:

- Aksepte yon djòb oswa yon referans pou yon travay ki disponib
- Patisipe nan yon evalyasyon sou kapasite w pou travay
- Bay enfòmasyon sou kondisyon travay ak disponiblite w pou travay
- Patisipe nan aktivite travay la jan distri sèvis sosyal la asiyen l

Ou se yon moun ki anrejistre pou travay e ou gen obligasyon pou konfòme avèk egzijans travay suf si li detèmine pa otorite sèvis sosyal pou l:

- Yon moun ki gen mwens pase 16 ane, oswa 60 ane oswa ki pi gran
- Andikape mantalman oswa fizikman, enkapasite oswa malad e li pa ka angaje nan aktivite travay
- Responsab pou swen yon timoun depandan ki anba laj sizan. Si wap patisipe nan yon eksplike travay anba pwogram Asistans Pwovizwa Tanporè ki finanse federalman, egzansyon sa ki soti nan egzijans travay SNAP pa aplike.

## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

- Sijè pou epi konfòme avèk yon egzijans travay ki anba pwogram Asistans Pwovizwa Tanporè ki finanse federalman. Si wap patisipe nan yon eksperyans travay, egzansyon sa ki soti nan egzijans travay SNAP pa aplike.
- Yon moun kap pran swen yon moun ki andikape aplentan
- Yon aplikan pou yon benefisyè Avantaj Asirans pou Chomaj
- Yon patisipan regilye nan yon pwogram tretman dwòg ak alkòl ak otorite sèvis sosyal la detèmine ke ou pa ka travay oswa afektasyon nan aktivite travay enpratikab
- Yon elev ki enskri atan-pasyèl nan nenpòt lekòl ki rekoni, fòmasyon konpetans travay, oswa enstitisyon edikasyon siperyè
- Anplwaye pou omwen 30 èdtan pa semèn oswa touche omwen ekivalan 30 fwa salè federal minimòm pa semèn
- Yon aplikan pou Revni Sekrite Anplis (SSI) ak avantaj SNAP anba dispozisyon pwosesis konjen
- Yon moun ki gen laj 16 oswa 17 ane ki pa mèt kay la oswa ki ale lekòl oswa nan yon pwogram travay omwen atan-pasyèl

Si ou neglige pou konfòme avèk yon afektasyon travay SNAP oswa kite yon travay, ou ka pèdi avantaj SNAP ou. Kantite tan w ap pèdi avantaj ou yo depannde kantite tan ou pa t respekte yon kondisyon travay.

### Lòt Responsabilite ak Kondisyon pou Moun Benefisyè SNAP epi ki se Adilt Enganm san Depandan (ABAWD)

Si ou se yon benefisyè/ anrejistre pou travay nan egzijans travay SNAP ou dwe reponn a egzijans travay adisyonèl SNAP sof si ou:

- Yon moun ki gen mwens pase 18 ane, oswa 50 ane oswa ki pi gran;
- Ap viv nan yon kay ki gen SNAP ki gen yon manm ki gen pi piti pase 18 ane;
- Ansent; oswa
- Yon moun ki paka travay 80 èdtan pa mwa paske li gen pwoblèm fizik oswa mantal.

Si ou se yon moun ki enskri pou travay epi ki pa egzante, w ap kalifye sèlman pou resevwa avantaj SNAP pandan twa mwa sou chak 36 mwa, sof si ou:

- Travay (enkli "kalite" travay ak volontè) pou omwen 80 èdtan pa mwa;
- Patisipe nan yon pwogram fòmasyon/travay kalifye ki apwouve pa sèvis sosyal distri a pou omwen 80 èdtan pa mwa;
- Konfòme ak yon plasman Pwogram Eksperyans Travay (WEP) pou valè èdtan ki egal a sibvansyon SNAP ou a divize pa pi gwo salè federal oswa salè minimòm Eta a deklare a;
- Patisipe nan yon pwogram anba Lwa sou Opòtinite Envestisman Travay oswa Lwa sou Komès ki ka gen ladann chèche travay, preparasyon pou travay, fòmasyon pou konpetans okipasyonèl ak aktivite edikasyon, oswa Lwa 1974 sou Travay pou omwen 80 èdtan pa mwa; oswa,
- Patisipe nan yon kombinezon travay oswa pwogram travay ki kalifye pou omwen 80 èdtan pa mwa.

Si ABAWD vle kontinye resevwa SNAP apre delè twa-mwa a, e li pa anmezi pou garanti travay peye pou omwne 80 èdtan pa mwa, li ta dwe kontakte distri sèvis sosyal la nan Nimewo Kontak Distri ki anwo a pou l diskite ki travay oswa pwogram travay ki ka disponib pou pèmèt ABAWD ranpli kondisyon travay la.

Si yon ABAWD pa ranpli kondisyon travay yo epi li pèdi kalifikasyon pou SNAP, li ka resewa SNAP ankò, si li kalifye otreman, e li dwe kontakte distri sèvis sosyal pou l diskite kisa li bezwen fè pou l retounen jwenn kalifikasyon pou SNAP.

Anplis, ABAWD dwe bay prèv ke li patisipe nan aktivite travay gratis chak mwa sou yon baz chak mwa epi bay rapò nan distri sèvis sosyal yo nan espas 10 jou apre mwa a fini si lè travay li pi piti pase 80 èdtan pa mwa.

**LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)****SI NOU SISPÈK OU FÈ FWOD**

Si ou vin konnen y ap mennen ankèt sou ou paske travayè sosyal ou panse ou pa t di li laverite sou dosye ou, ou ta dwe pale avèk yon avoka. Si yo akize ou kòm moun ki fè fwod nan asistans sosyal nan yon tribinal kriminèl, si ou kalifye, tribinal la ap afekte yon avoka kap reprezante ou gratis.

**RESPONSABLITE POU PRAN YON LÒT RANDEOU POU YON ENTÈVYOU OU RATE:**

Kòm yon Moun ki Aplike/Benefisyè SNAP, ou gen responsablite pou pran yon lòt randevou pou yon entèvyou ou rate. Ou dwe fè sa anvan 30 jou ki vini apre dat ou te aplike pou evite pèdi SNAP ou.

**RESPONSABLITE POU BAY PRÈV**

Lè ou aplike pou èd, oswa lè w ap resevwa èd, n ap mande ou pou bay prèv pou sèten bagay. Travayè sosyal ou ap enfòme w sou sa ki nesesè. Dokiman ki obligatwa ka varye pou diferan pwogram asistans. Si distri sèvis sosyal la déjà gen prèv enfòmasyon ki pa chanje yo, tankou nimewo sekirite sosyal ou, ou pa bezwen pwouye yo ankò.

Si ou pote prèv idantite ansanm avèk lòt dokiman enpòtan lè ou aplike premye fwa pou asistans, ou ka anmezi pou resevwa èd la pi bonè.

Si wap depoze dokiman yo nan biwo sèvis sosyal ou, mande pou yon resi ki ta dwe gen ladan non distri a, dat, lè, liste chak dokiman spesifik ki te rete, ak non travayè a kap ba ou resi a.

Ou dwe bay prèv ke travayè w di ou ki obligatwa pou yo ka detèmine elijiblite w pou SNAP. Si w gen difikilite pou jwenn prèv ke ou mande a, fè travayè w la konnen sa.

**ENFÒMASYON SOU KALIFIKASYON POU MOUN KI PA SITWAYEN**

Anpil moun ki pa sitwayen ameriken se etranje kalifye ki kalifye pou SNAP. Menmsi ou pa kalifye, pitit ou yo ka ranpli kondisyon yo. SNAP pa ta dwe afekte sitiayson imigrasyon ou anrapò avèk desizyon USCIS konsènan zafè imigrasyon.

**LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)**

Ou ka kalifye pou Alokasyon SNAP si ou se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ameriken ki pa sitwayen (moun ki fèt nan American Samoa oswa Swain Island) oswa yon etranje kalifye. Yon etranje kalifye pou SNAP se:

1. Yon Amerendyen ki fèt nan Kanada avèk omwen 50 pousan san ras amerendyen anba seksyon 289 Lwa sou Imigrasyon ak Nasjonalite (INA), oswa
2. Kat manm oswa lòt dokiman tribi ki montre ou se manm nan yon tribi endyen ki gen rekonesans federal anba Seksyon 4(e) Lwa pou Endepandans ak Asistans pou Edikasyon Endyen; oswa
3. Yon etranje yo admèt kòm yon Hmong oswa Lawosyen Haylann, ansanm avèk madanm/mari ak timoun depandan; oswa
4. Yon refijye yo admèt anba seksyon 207 INA; oswa
5. Yon etranje yo bay azil politik anba seksyon 208 INA; oswa
6. Yon imigran ki gen depòtasyon li pwograme pou lòt dat anba seksyon 234(h) INA, jan sa anvigè anvan 1ye avril 1997, oswa yon imigran ki gen dat pou yo mete li deyò nan peyi a dapre seksyon 241 (b)(3) INA; oswa
7. Yon Kiben oswa yon Ayisyen ki antre nan peyi a jan sa defini nan seksyon 501(e) Lwa 1980 sou Asistans Edikasyon Refijye; oswa
8. Yon etranje ki se yon viktim trafik anba seksyon 103(8) nan Lwa 2000 sou Pwoteksyon Viktim Trafik; oswa
9. Yon etranje kap sèvi nan lame ameriken, oswa yon veteran ki jwenn dechaj onorab, madanm/mari ak timoun depandan li yo, ak madanm/mari sivivan ki pa remarye ak timoun selibatè depandan; oswa
10. Yon etranje yo admèt kòm yon Azyatik-Ameriken; oswa
11. Yon etranje yo admèt legalman pou rezidans pèmanan anba INA, epi ki gen 5 ane nan sitiayson an; oswa
12. Yon etranje yo lage sou kondisyon anba seksyon 212(d)(5) INA pandan omwen 1 ane, epi ki gen 5 ane nan sitiayson an; oswa
13. Yon konjwen ki pran baton oswa pitit, paran oswa yon timoun ke yo bat oswa pitit yon paran ke yo bat avèk yon petisyon ki annatant oswa ki apwouve daprè 8 USC 1641(c) ki te antre anvan 8/22/96 oswa ki gen yon stati 5 ane; oswa
14. Etranje yo ka kalifye pou SNAP tou si:
  - Yo admèt yo legalman pou rezidans pèmanan, epi yo vin genyen, oswa yo kapab jwenn kredi pou 40 trimès travay; oswa
  - Yo nan yon sitiayson kalifye ki endike anwo a, epi yo resevwa sèten avantaj pou andikap oswa poutèt yo avèg; oswa
  - Yo nan yon sitiayson kalifye ki endike anwo a, epi yo pokò gen laj 18 tan; oswa
  - Yo legal nan peyi Etazini nan dat 22 out 1996, epi kounye a yo avèg oswa andikape oswa yo gen laj 60 ane oswa pi gran; oswa
  - Yo se sitwayen Irakyen oswa Afganistan ki gen stati imigrasyon spesyal anba seksyon 101(a)(27) nan INA oswa li te jwenn antre sou kondisyon anba seksyon 203(a)(7) nan INA kòm anvigè anvan 4/1/80.